



MATA PELAJARAN :	B. DAERAH	NAMA :	
HARI, TANGGAL :		NOMOR :	
WAKTU :	90 Menit	NILAI :	

I. Wangsulana pitakon-pitakon iki kanthi cara menehi aksara a, b, c, d, kang paling bener!

Teks Geguritan

Kabeh nunggu giliran ditabuh
 Ora ana sing meri dengki
 Ora ana sing cupet budine
 Ora ana sing rumangsa di kuwalonake

1. Tembung cupet budine ing geguritan tegese
 - a. Seneng banget
 - b. Nyambut gawe
 - c. Ora bisa tumindak becik
 - d. Drengki
2. Isi geguritan ing dhuwur yaiku
 - a. Kgedhen rumangsa
 - b. Ora nduweni watek ala
 - c. Iren
 - d. Ngambul
3. Pak Harjo : "Dar, Dar, tangia!"
 Darman : "Ana apa, Pak? Ngantuk.....!"
 Pak Harjo : "Coba, tangia! Age-age! Rungokna, ana swara apa kae!"
 Darman : "Swara kenthong, Pak! Wah, kenthong telu, mesti ana omah kobong!"
 Pacelathon ing dhuwur nyritaake bab
 - a. Banjir bandhang
 - b. Omah kobong
 - c. Omah rubuh
 - d. Omah kinyut
4. Titikane teks pawarta yaiku
 - a. Ngandharake fakta
 - b. Ngandharake karangan
 - c. Pamer
 - d. Ngajak
5. Tembung-tembung ing ngisor iki sing kalebu tembung camboran yaiku
 - a. Ngabari
 - b. Thukmis
 - c. Sugeh brewu
 - d. Kacamata

Pucung

Bapak pucung rupane amemba gunung
 Tan ana kang tresna
 Kabeh uwog mesthi sengit
 Kang anggonan den elus-elus tinangisan

6. Guru wilangan lan guru lagune tembang pucung gatra 3 yaiku ...
 - a. 12 i
 - b. 6 a
 - c. 12 u
 - d. 8 i

Teks Wacan

Prahara banjir bandhang lan tanah longsor kelakon ing dina Selasa, 16 Agustus 2016 pukul 22.00 WIB, sawise udan deres meh sedina sewengi ora leren. Prahara lemah longsor kang nggawa korban jiwa 1 asal desa Senden Kecamatan Kampak, lagi surut lan bisa ditangani ing dina Rabu, 17 Agustus 2016.


7. Wacan ing dhukur iku kalebu teks ...
a. Pawarta b. Persuasi c. Sesanti d. Pariwara
8. Sapa nandur bakal ngunduh. Ukara iki kebleu teks
a. Persuasi b. Pariwara c. Pawarta d. Sesanti

Pethikan tembang kanggo no 9 lan 10

Negeriku Indonesia,
Nut jaman kapungkur tetep ngawiji,
Nunggal ingkang den ginayuh,
Karaharjaning bangsa,
Loh jinawi subur kang sarwa tinandur,
Murah sandang lawan pangan,
Kerukunan kang jinagi.

9. Tembang ing dhuwur kalebu tembang ...
a. Sinom b. Pangkur c. Kinanthi d. Dandanggula
10. Tembung nyawiji tegese
a. Jinaga b. Regane c. Dadi siji d. Temenan
11. Kang mbedakake antarane paribasan kalawan bebasan lan saloka yaiku
a. Tembung lumrah, dene bebasan lan saloka tembung entar
b. Tembung lumrah, bebasan lan saloka tembung endah
c. Tembung ora lumrah, bebasan lan saloka tembung lugu
d. Tembung ora lumrah, bebasan lan saloka tembung lumrah
12. Tegese paribasan nututi layang pedhot
a. Nindakake pakaryan kang angel kelakone
b. Nindakake pakaryan kang gampang kelakone
c. Nindakake pakaryan kang angel oleh-olehane
d. Nindakake pakaryan kang gampang oleh-olehane
13. Tegese saloka jer basuki mawa bea yaiku
a. Amrih bisa sugih, butuh utangan
b. Amrih bisa pinter, butuh sekolah dhuwur
c. Amrih bisa mulya, butuh pangurbanan
d. Amrih bisa seneng, butuh mangan enak
14. Batangane "ontong gedhang". Cangkrimane, Pak Demang klambi abang
a. disawang malah ilang c. penggaweane saba blumbang
b. rupamu kaya kranjang d. disuduk manthuk-manthuk
15. Muji syukur ing ngarsaning Gusti, kalebu peranga ... pidhato.
a. Isi b. Pembuka c. Panutup d. Dudutan

II. Golekana wangsulane kang mathuk ing sisih tengen

16. 

Yen ditulis latin ...

17. Blimbingku sing kowenehi mau durung...

18. Cacahing wanda ing saben sagatra diarani...

19. Pandhawa tansa antuk pitulungane Gusti, amarga becik
bebudine lan ing uripe.

20. Titikane teks pawarta yaiku

21. 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a, yaiku titikane tembang ...

22. Bisa njunjung drajate wong tuwa. Bebasane....

23. Bathok bolu

24. Jinise cangkriman ana

25. Wasana cekap semanten atur kula, bilih wonten kaladuking
atur kula nyuwun

a. Abdi Kinasih

b. Madu

c. Sinom

d. ora ana sega

e. pangapunten

f. guru wilangan

g. 4

h. ngandarake fakta

i. mikul dhuwur

mendem jeruh

j. dakpangan

III. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo tembung sing mathuk!

26. Berase ginawakake menyang daleme Mbah Putri.

Tembung ginawakake ing ukara iku asale saka tembung lingga

27. Kaya banyu karo lenga, tegese

28. Gambar wayang iki asmane



29. Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung
dawa kaya ula
encokanmu wesi miring
sing disaba si pucung mung turut kutha
Gatra katelu pucung guru wilangane ana

30. Sanding kebo gupak tegese

31. Guru lagu yaiku

32. Bapak dereng nate ndawuhi kula. Yen didadekake ukara tanggap yaiku

33. Tuladha cangkriman wacahan yaiku

34. Sabun deterjen rakyat, ramah lingkungan.
Ukara ing dhuwur tuladha teks

35. Pidhato resmi mihunakake basa kang

36. Bocah kuwi wis klamben. Klamben tegese

37. 

Aksara latine yaiku

38. Guru wilangan lan guru lagune tembang Pucung

39. Sesanti/slogan yaiku

40. Struktur teks pidato yaiku



SEMANGAT!!!